



Aplikasyon pou Vin Yon Manm MAC ak BAC

Ou ka ede amelyore pwogram Medicaid la pou plizyè milyon Nouyòkè. Ekperyans ou, avi ou ak patisipasyon w vle di anpil pou Depatman Sante Eta Nouyòk la. Manm Komite Konsiltatif Medicaid (Medicaid Advisory Committee, MAC) yo ak Konsèy Konsiltatif pou Benefisyè (Beneficiary Advisory Council, BAC) a pral avize epi enfòmè pwogram Medicaid Eta Nouyòk la sou devlopman règlemantasyon ki lye ak pwogram Medicaid Eta Nouyòk la. Kontribisyon MAC ak BAC yo pral ede pwogram nan garanti manm Medicaid Eta Nouyòk yo jwenn aksè ak pi wo kalite swen ak swen ki pi rantab yo.

MAC ap chèche jwenn pwofesyonèl swen klinik oswa jesyonè ki gen lisans nan Eta Nouyòk la ki gen ekperyans pwofesyonèl nan òganizasyon kominotè, òganizasyon jesyon swen, asosyasyon plan sante ak lòt ajans gouvènmantral ki travay pou manm Medicaid Eta Nouyòk ak Child Health Plus (CHPlus) yo. Manm MAC yo pral sèvi yon manda twa lane.

BAC a ap chèche rezidan Eta Nouyòk ki se manm aktyèl oswa ansyen manm Medicaid ak CHPlus, menm jan ak manm fanmi yo oswa moun k ap ba yo swen yo. Manm MAC yo pral sèvi yon manda de lane.

1. Prenon
2. Siyati
3. Adrès Imèl
4. Òganizasyon (si sa aplikab)
5. Adrès Postal / Bwat Postal
6. Vil, Eta, Kòd Postal
7. Nimewo Telefòn
8. Kiyès nan entèval tan sa yo k ap pi bon pou ou pou w patisipe nan reyinyon ki planifye yo nan yon jou semèn? Tcheke tout sa ki aplike. **Tanpri sonje:** Reyinyon yo ap fè chak trimès e yo ka vityèl oswa an pèsòn (y ap detèmine sa) nan Albany oswa nan Vil Nouyòk.
 - 9:00 a.m. - 10:00 a.m.
 - 10:30 a.m. - 11:30 a.m.
 - 1:00 p.m. - 2:00 p.m.
 - 2:30 p.m. - 3:30 p.m.
 - 4:00 p.m. - 5:00 p.m.
 - rè m fleksib
9. Ou disponib pou reyinyon an pèsòn oswa vityèl? Chwazi tout sa ki aplike.
 - Vityèl
 - Reyinyon an pèsòn nan Albany
 - Reyinyon an pèsòn nan Vil Nouyòk

10. Mwen ta renmen travay nan:

- Komite Konsiltatif Medicaid
- Konsèy Konsiltatif pou Benefisyè yo
- Toulèd

11. Èske w se yon manm Medicaid Eta Nouyòk oswa Child Health Plus?*

- Wi, mwen se yon manm Medicaid Managed Care (mwen enskri nan Medicaid e mwen resevwa avantaj Medicaid atravè yon konpayi asirans tankou Fidelis oswa United Healthcare)
- Wi, mwen se yon manm Medicaid Fee-for-Service (mwen enskri nan Medicaid e mwen resevwa avantaj Medicaid yo atravè Eta Nouyòk. Kat avantaj mwen an ekri "NYS Benefit Identification Card" e li pa mansyone yon konpayi asirans sante)
- Wi, mwen se yon manm Child Health Plus
- Ni youn ni lòt

12. Èske w se swayan an oswa manm fanmi yon manm Medicaid Eta Nouyòk oswa Child Health Plus?

- Wi, yon manm Medicaid Managed Care (li enskri nan Medicaid e li resevwa avantaj Medicaid atravè yon konpayi asirans tankou Fidelis oswa United Healthcare)
- Wi, yon manm Medicaid Fee-for-Service (li enskri nan Medicaid e li resevwa avantaj Medicaid yo atravè Eta Nouyòk. Kat avantaj la an ekri "NYS Benefit Identification Card" e li pa mansyone yon konpayi asirans sante)
- Wi, yon manm Child Health Plus
- Ni youn ni lòt

13. Tanpri seleksyone youn oswa plizyè kategori ki dekri w pi byen.

- Mwen se yon manm Medicaid Eta Nouyòk
- Mwen te yon manm Medicaid Eta Nouyòk
- Mwen se paran/swayan yon manm Medicaid Eta Nouyòk
- Mwen se paran/swayan yon manm Child Health Plus
- Mwen se yon benefisyè Medicare
- Mwen se yon defansè Medicaid Eta Nouyòk
- Mwen se yon defansè Child Health Plus
- Mwen se yon reprezantan Òganizasyon Swen Entegre (Managed Care Organization)
- Mwen se yon pwofesyonèl swen klinik oswa yon administratè
- Mwen se yon reprezantan ajans Eta Nouyòk
- Mwen se yon reprezantan plan sante

14. Ki eksperyans ak pèspektiv ou kapab pataje k ap nan avantaj Komite Konsiltatif Medicaid la ak/oswa Konsèy Konsiltatif pou Benefisyè a?

15. Ki enterè ou genyen pou w patisipe nan Komite Konsiltatif Medicaid la ak/oswa Konsèy Konsiltatif pou Benefisyè a?

16. Èske aktyèlman w ap travay, oswa ou te konn travay nan yon komite konsiltatif pou Depatman Sante Eta Nouyòk la?*si se wi, tanpri bay non komite a nan chan ki rele (Lòt) ki pi ba a)
- Wi
 - Non
 - Lòt:
17. Èske w se yon rezidan nan Eta Nouyòk?
- Wi
 - Non
18. Èske w gen otorizasyon legal pou w travay nan Etazini? **Tanpri sonje:** Enfòmasyon sa nesèsè pou n asire konfòmite avèk règleman taks yo konsènan rapò sou depans depasman ranbousman ki depase sèten limit.
- Wi
 - Non
 - Mwen pito pa reponn
19. Sèks: Kijan ou idantifye tèt ou?
- Gason
 - Fi
 - Non-binè
 - Mwen pito pa reponn
20. Ki laj ou?*
- 18 jiska 21 lane
 - 22 jiska 30 lane
 - 31 jiska 40 lane
 - 41 jiska 50 lane
 - 51 jiska 60 lane
 - 61 jiska 64 lane
 - 65 lane ak plis lane
21. Ki ras/etnisite ki dekri w pi byen? Chwazi tout sa ki aplike.
- Endyen-Ameriken oswa Natif Alaska
 - Azyatik/Moun Zile Pasifik
 - Nwa oswa Afwo-Ameriken
 - Ispanik
 - Blan/Kokazyen
 - Mwen pito pa reponn
22. Ki kalite lokalizasyon ki dekri pi byen kote w ap viv la?
- Iben
 - Banlye
 - Riral

23. Nan ki rejyon/konte nan Eta Nouyòk la w ap viv ladan?

- Capital District (Albany, Columbia, Greene, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Washington, Warren)
- Central New York (Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego)
- Finger Lakes (Genesee, Livingston, Monroe, Orleans, Ontario, Seneca, Wayne, Wyoming, Yates)
- Long Island (Suffolk, Nassau)
- Mid-Hudson (Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester)
- Mohawk Valley (Hamilton, Herkimer, Fulton, Montgomery, Schoharie, Oneida)
- Vil Nouyòk (Bronx, Kings, Richmond, Queens, New York)
- North Country (Clinton, Essex, Franklin, Jefferson, Lewis, St. Lawrence)
- Southern Tier (Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, Thompsons, Otsego)
- Western New York (Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara)
- Yon lòt zòn:

24. Èske gen nenpòt enfòmasyon adisyonèl ke w ta renmen bay?

Mèsi pou aplikasyon ou. Depatman Sante Eta Nouyòk la apresye enterè ou genyen ak objektif ou pou konstwi yon komite divèsifye ki gen yon gwo kantite eksperyans ak pèspektif ki varye. N ap fè w konnen si w seleksyone pou w vin manm epi n ap konsève tout lòt aplikasyon yo nan dosye pou pwochen opòtinite rekritman.

Tanpri soumèt aplikasyon w lan nan MAC_BAC@health.ny.gov